

Resous pou Sante ak Byennèt Ou

2026



**ORLANDO
HEALTH**[®]

Cast AdvantageSM
For the Disney Medical Plan



Pran Angajman Pou Pran Swen Manm Aktè Disney yo

Grasa yon gwo kantite rezo kabinè doktè swen jeneral ak espesyalite, sèvis medikal avanse ak enstalasyon dènnye modèn, nou pwomèt pou nou kapab pi bon founisè swen ki posib. Nou fè tout efò pou ba w aksè fasil nan bon jan kalite swen sante — nan kote ak nan lè ou bezwen yo.

Spanish and Haitian Creole guides are available at OrlandoHealth.com/Disney

Las guías en español y creole haitiano están disponibles en OrlandoHealth.com/Disney

Gid panyòl ak kreyòl yo disponib sou sit OrlandoHealth.com/Disney

Tabdèmatyè

Sous Ou pou Swen Konplè.....	3
Rete Annakò ak Swen Konekte.....	4
Gwoup Medikal Orlando Health.....	5
Tout Bagay Kòmanse ak Medsen Swen Jeneral Ou An	6
Ti Konsèy pou PCP OU an.....	7
Gid Depistaj pou Byennèt ak Vaksinasyon	8
Ou Menm ak Medsen Swen Jeneral Ou an.....	9
Swen Espesyalize.....	10
Orlando Health Network.....	11
Sèvis Dijans	12
Sèvis Swen Dijans.....	14
Sèvis Labortwa pou Pasyan Ekstèn/Sant Imajri.....	16
Orlando Health MyChart.....	17
Kesyon Moun Poze Souvan.....	18
Prim ak Rekonesans.....	20
Orlando Health At-A-Glance	22

Orlando Health Sous Ou pou Swen Konplè

Paske Lavi Rive

Soti nan bagay chak jou yo rive nan sa ki sanzatann yo, ou bezwen swen sante ke w ka konte sou yo. Nan Orlando Health, nou konsantre nou sou sante ak byennèt total ou. Kesewa nan jesyon sante woutin, tretman espesyalize pou yon pwoblèm medikal ijan, oubyen swen ijan oswa swen dijans enprevi, w ap jwenn tout sa w bezwen yo nan Orlando Health. Epi, lè ou vizite enstalasyon nou yo, ou ka santi w gen konfyans nan konsantre nou kontinye kansantre sou sekirite.

Founi Resous Total pou Sante ak Byennèt

Orlando Health kwè nan yon metòd ki baze sou moun nan annantye, kòmanse nan kote ou ye a ak sa ou bezwen jodi a, epi kontinye pou devlope yon plan swen ki koresponn ak oumenm epi mòdvi w. W ap jwenn swen sante ki:

- Aksesib
- Konpatisan
- Konplè epi kowòdone
- Konsantre sou bon jan kalite ak sekirite
- Santre sou pasyan

Orlando Health se
resous swen sante
total ou pou tout laj,
nan tout etap.



Rete Annakò ak Swen Konekte



Nou reyalize Manm Ekip Disney yo mennen yon vi ki okipe, keseswa nan deplasman, lakay yo oswa pandan y ap pran bonjan swen envite nou yo. Kidonk, Orlando Health fè li fasil pou jwenn aksè nan resous sante ou ak pou swiv pwogrè ou nan pakou sante w.

OrlandoHealth.com/Disney

Vizite sant sa a ki adapte pou itilizatè pou jwenn tout sa ou bezwen konnen sou plan Orlando Health Cast Advantage ou an ak lòt avantaj pou Manm Ekip Disney yo.

Orlando Health MyChart®

Telechaje aplikasyon MyChart® la pou toujou swiv tout swen sante ou. Orlando Health MyChart® se yon koneksyon medikal sekirize sou entènèt ki pèmèt ou jere randevou, jwenn aksè nan rezilta tès yo, mande renouvèlman preskripsyon yo, peye fakti ak plis toujou. Eskane l pou telechaje MyChart® jodi a!

MyChart® se yon mak anrejistre Epic Systems Corporation.



Swen Vityèl Pwolonje Orlando Health

Jwenn swen ijans vityèl sou demann ak doktè komisyon an sètifye, disponib 24 jou sou sèt 365 jou pou ti pwoblèm medikal kouran tankou doulè nan gòj, enfeksyon nan sinis, lafyèv, gratèl, ak plis toujou. Ou ka fè vizit nan telefòn oswa videyo, nan tout peyi Etazini, konsa ou ka jwenn swen pandan w lakay ou, nan travay ou, pandan w ap vwayaje, oswa pou yon timoun ki nan fakilte. Jwenn aksè nan swen atravè meni MyChart la lè w chwazi Swen Vityèl Pwolonje. Pou manm plan Disney yo, avantaj sa a disponib ak yon kopeman \$0.

Orlando Health Klinikman entegre rezo

Eksplòre aksè nan yon gran rezo ki gen plis pase 9,000 pwofesyonèl nan plis pase 105 espesyalite diferan. Sa vle di doktè nou yo gen divès kalite konesans, eksperyans ak konpasyon ki nesèsè pou jere bezwen fanmi ou.

Liy Sèvis Konsyèj Kowòdone pou Manm Ekip Disney

Antanke yon Manm Ekip Disney oswa fanmi yon manm, ou gen aksè nan yon nivo sèvis anplis grasa Liy Konsyèj Kowòdone nou an ki la pou ede w jwenn asistans ak swen ou bezwen byen vit epi byen fasil, 24/7/365.

(844) WDW-OHFP
(844) 939-6437

Ekip konsyèj nou an ap ede w dirèkteman oswa, si sa nesèsè, y ap konekte w ak yon resous ekspè pou kalite sèvis annapre la yo:

- Navigasyon ak konsèy nan sistèm swen sante nou an
- Asistans pou planifikasyon
- Kesyon sou plan sante debaz
- Kesyon siu Faktirasyon

Gwoup Medikal Orlando Health

Swen Jeneral ak Espesyalize

Orlando Health Medical Group se yon gwoup pwofesyonèl angaje ki dirije pa medsen ki ofri swen konpatisan ak ekselans klinik. Nou bay swen nan prèske tout domèn — soti nan swen jeneral jiska enstiti espesyalize — ekip medsen nou yo, pwofesyonèl pratisyen avanse, enfimyè, klinisyen ak pèsònèl biwo yo travay ansanm pou satisfè tout bezwen swen sante w yo. Avèk plis pase 350 klinik, nou ofri lye ki pratik ak opsyon pou planifikasyon, ki gen ladan randevou menm jou a ak randevou nan jou apre a nenpòt lè sa disponib.

Gwoup la gen ladan doktè nan domèn ki annapre la yo:

- Espesyalite Medikal ak Chirijikal pou Adilt
- Orlando Health Physician Associates
- Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children – Pediatric Specialty Practices
- Orlando Health Advanced Rehabilitation Institute
- Orlando Health Aesthetic and Reconstructive Surgery Institute
- Orlando Health Cancer Institute
- Orlando Health Children’s Heart Institute
- Orlando Health Children’s Neuroscience Institute
- Orlando Health Colon and Rectal Institute
- Orlando Health Digestive Health Institute
- Orlando Health Heart and Vascular Institute
- Orlando Health Jewett Orthopedic Institute
- Orlando Health Neuroscience Institute
- Orlando Health Weight Loss and Bariatric Surgery Institute
- Orlando Health Women’s Institute

Orlando Health Physician Associates se founisè swen prensipal gwoup medikal la avèk pwofesyonèl k ap pratike nan domèn ki annapre la yo:

- Medsin Familyal
- Medsin Entèn
- Medsin Pedyatrik
- Sèvis Podyatri
- Sante Fanm



Jwenn plis enfòmasyon nan
OrlandoHealth.com/Disney



Tout Bagay Kòmanse ak Medsen Swen Jeneral Ou An

Medsen swen jeneral ou an (PCP) ka bay pi bon son lè li genyen opòtinite pou vin abitye avèk ou, ak lè li abitye ak istwa medikal ou ak istwa medikal fanmi w tou. Se pou rezon sa a nou ankouraje w pwograme yon vizit pou nouvo pasyan byen bonè, pou PCP ou an ka pèsonalize swen ou an, pou aprann konnen w anvan aparasyon nenpòt maladi oswa domaj.

Vizit Nouvo Pasyan

Anvan vizit ou an: Telechaje Orlando Health MyChart la pou fè òplod dosye w yo sou aplikasyon an anvan randevou w la. Si sa nesèsè, mande yon transfè dosye medikal apatide nenpòt doktè ou gen kounye a, epi vini avèk yo. Estaf nan nenpòt biwo PCP Orlando Health yo ap kontan ede w.

Pandan vizit ou an: PCP ou an pral mande enfòmasyon sou istwa medikal ou ansanm ak istwa medikal fanmi w tou, epi li pral vle konnen tout medikaman w ap pran kounye a. Si nenpòt nan preskripsyon w yo dwe renouvle, sa kapab fèt. Si yon pwoblèm medikal mande pou fè tès, radyografi oswa referans ba yon espesyalis, doktè ou an pral okipe de sa, tou.

Nan vizit ou yo, yo pral mande pou w bay:

- Yon ID valab ki gen foto w sou li
- Kat asirans ou
- Yon lis nenpòt medikaman w ap pran kounye a, ankontan medikaman preskripsyon ak san preskripsyon, ansanm ak nenpòt vitamin oubyen sipleman
- Yon lis tout alèji w fè, ankontan reyaksyon ak medikaman
- Istwa medikal ou, ki gen ladan operasyon ak lè w te entènè lopital
- Istwa fanmi w, ankontan paran menm san, granparan, matant, tonton, kouzen, frè ak sè, ak pitit
- Yon lis espesyalis ou te wè
- Nenpòt kesyon oswa enkyetid sante ou ka genyen



Konsèy pou Pale ak PCP Ou

Nou ankouraje pou w sèvi ak rapèl sante enpòtan sa yo pou kòmansè konvèsasyon itil ak PCP ou:

Depistaj pou Kansè Kolorektal

Apati laj 45 lane, gen plizyè opsyon ki disponib pou depistaj kansè kolorektal, ki gen ladan kolonoskopi, sigmoidoskopi oswa yon kit Cologuard lakay ou. Pale avèk PCP w osijè lè ou ta dwe fè tès depistaj ak ki tès ki ta pi bon pou ou.

Depistaj Kansè nan Tete/Mamografi

Li rekòmande pou fanm kòmanse fè mamografi apati 35 lane chak 1 a 2 zan. Fanm ki gen 50 lane oswa plis yo ta dwe fè yon mamografi chak ane.

Depresyon

Pifò PCP ka trete pwoblèm depresyon lejè nan klinik yo, oswa yo kapab refere w bay yon espesyalis ki kalifye pou bay swen ki nesèsè yo. Asire ke ou fè tande vwa w.

Dyabèt

Yo rekòmande pou fè depistaj sik nan san chak twazan aprè 45 lane. Si ou gen dyabèt, pale ak PCP w regilyèman osijè nivo sik nan san ou ak nivo HbA1c ou.

Tansyon Ateryèl

Yo dwe pran tansyon w nan chak vizit kay PCP ou. PCP ou ka rekòmande pou w fè egzèsis ak adopte abitud manje ki bon pou sante ansanm ak entèvansyon medikaman si sa nesèsè pou mete tansyon w sou kontwòl.

Sispann Fimen

PCP ou ap kontan ede w epi li kapab sijere zouti oswa resous ki disponib pou ede w reyalize objektif ou yo.

Egzamen Fizik/Prevantif Anyèl

Depi w fin kòmansè ak PCP Orlando Health ou an, li enpòtan anpil pou w fè yon "tchekòp" chak ane pou anpeche maladi epi konsève yon bòn sante. Li enpòtan espesyalman pou ede detekte bagay ki kapab pa fè bri, men ki se maladi kwonik danjere kouwè dyabèt ak maladi kè.

Pandan egzamen anyèl ou an, PCP Orlando Health Cast Advantage ou an pral:

- Fè yon egzamen fizik
- Pale sou abitud sante w, ankontan rejim ak egzèsis
- Mande analiz laboratwa anyèl
- Fè oswa bay lòd pou fè nenpòt tès depistaj byennèt ki bon pou laj ouwa ki bon pou sèks (sètadi, EKG, pwostat, mamogram, elatriye)
- Mande renouvèlman medikaman si sa nesèsè
- Rekòmande mòdvi ak swen preventif

Selon nenpòt enkyetid ou ka genyen oswa sentòm ou devlope, doktè ou an ka mande pou w pran yon randevou pou swiv. Sa ap pèmèt evalye nèt nenpòt pwoblèm epi pale sou yo. Epitou, li kapab rekòmande nenpòt tès ak tretman ki bon pou pwoblèm nan.

2025 Rekonpans Byennèt

Se \$300 oswa \$600 ki plis bon pou sante ou pral resevwa. Si w resevwa yon depistaj fizik anyèl oswa kansè, oswa ou fini senk sesyon tout konsyans ou nan aplikasyon Headspace la, Disney kontribye \$300 nan Kont Epay Sante w la (HSA) oswa Aranjman Ranbusman pou Sante (HRA). Epi, si ou kouvri yon konjwen oswa yon patnè domestik, fè yo fè menm bagay la pou resevwa yon lòt \$300. Li fasil pase nenpòt bagay, epi li an sante tou.

Pou w kalifye, ou dwe aji avan 31 desanm 2025.
Benefits.Disney.com pou jwenn plis enfòmasyon.

Gid Depistaj pou Byennèt ak Vaksinasyon*

Ou pa konnen ki lè pou pwograme depistaj byennèt ou yo ak vaksinasyon yo?

Tablo ki anba a se yon gid jeneral, men li pa konsidere faktè risk endividyèl tankou istwa pèsònèl, familyal, ak jenetik. *Pale ak doktè swen jeneral ou a pou asire w ke w ap resevwa swen ou bezwen an nan lè ou bezwen li an.

Tip egzamen oswa depistaj	18-39 Lane	40-49 Lane	50-64 Lane	65 Lane
Tchèkòp sante	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane
Tansyon w	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane
Sik nan san	-	Aprè 45 lane, chak 3 lane	Chak 3 lane	Chak 3 lane
Kolestewòl	Chak 5 ane Pi souvan pou moun ki fimen, dyabetik, oswa yon fanmi ki gen yon istwa maladi kè	Chak 5 lane	Chak 5 lane	Chak 5 lane
Kolonoskopi	-	Aprè 45 lane, chak 10 lane	Chak 10 lane	Chak 10 lane
Egzamen dantè	Chak 6 a 12 mwa	Chak 6 a 12 mwa	Chak 6 a 12 mwa	Chak 6 a 12 mwa
Vaksen papiyoma viris imen (HPV)	Ant laj 11 ak 45	-	-	-
Vaksen pou grip	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane
Vaksen kont nemokòk	-	-	-	Après 65 lane, youn a de dòz
Egzamen pèsònèl nan po ak tach	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa
Egzamen nan po ak tach ke medsen an fè	Chak 3 lane	Chak 3 lane	Chak 3 lane	Chak 3 lane
Fanm yo				
Egzamen pèsònèl nan tete	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa
Mamografi	Apati 35 lane, chak 1 a 2 zan	Chak 1 a 2 lane	Chak Ane	Chak Ane
Egzamen nan Basen	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane	Chak Ane
Gason yo				
Egzamen pèsònèl nan boil grenn	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa	Chak mwa
Tès antijèn ki espesifik a pwostat	-	-	Chak Ane	Chak Ane

*Tablo sa a se yon gid jeneral pou depistaj ak kalandriye vaksinasyon yo. Tcheke politik ou an pou wè ki depistaj ak vaksinasyon ke plan ou an kouvri.

Ou Menm ak Medsen Swen Jeneral Ou an

Nou kwè nan fòs relasyon w lan ak PCP ou a. PCP Orlando Health ou an pral konsantre swen w, swen pou pasyan an, pandan l ap devlope yon patenarya ki fèt pou gide ak pèmèt ou reyalize pi bon sante w.

PCP Orlando Health ou an pwomèt pou:

Esplike

Maladi yo, tretman ak rezilta yo ak mo ki klè e ki fasil-pou-konprann
 Bon enstriksyon pou medikaman
 Fason pou reponn a bezwen swen sante w andeyò lè nòmal biwo

Koute

Istwa w, preferans ou pou swen ak objektif sante w
 Kesyon w ak enkyetid ou

Konsève

Disponibilite pandan lè nòmal biwo pou tout bezwen swen ou yo
 Sekrè konplè konsènan tretman, dosye ak konvèsasyon w yo

Bay

Repons alè avèk rezilta tès yo ak pou nenpòt kesyon
 Espesyalis ak ekspè ou ka fè konfyans, lè sa nesèsè
 Kowòdone komunikasyon ant espesyalis sa yo
 Enfòmasyon sou lòt chwa sèvis pou ede w kenbe yon mòdvi ki bon pou sante
 Machaswiv ki klè nan fen chak vizit konsènan sa w dwe atann, tretman yo ak plan pou pi devan
 Dokiman edikatif fasil-pou-konprann pou pote lakay ou

Nan pami lòt fason nou fè li fasil pou w jwenn swen ou bezwen, gen ladan:

Lè Biwo ki Pwolonje – Anpil nan doktè swen jeneral nou yo ofri èdtan sèvis aswè oswa nan wikenn. Vizite OrlandoHealth.com/Disney oswa mande doktè ou an yon orè presi.

Referans Elektwonik yo – PCP Orlando Health ou an ap voye tout referans ou bezwen pou tès oswa pou swen espesyalize dirèkteman bay founisè Orlando Health Cast Advantage ki seleksyone a.



Pasyan Center for Living Well yo:

PCP ou nan Center for Living Well pral kontinye bay swen jeneral ou epi kowòdone referans bay espesyalis anndan Orlando Health Cast Advantage la.

Swen Espesyalize

Referans

Doktè Swen Jeneral (PCP) Orlando Health ou an ap kowòdone nenpòt referans ou bezwen pou tès oswa tretman anplis, ankontan analiz laboratwa, radyografi ak imajri, terapi fizik ak swen doktè espesyalis. Yo bay tout sèvis sa yo anndan sistèm Orlando Health la, pandan y ap asire ou resevwa swen kowòdone, atan epi ki gen kalite siperyè. Lè yo fè yon referans, PCP Orlando Health ou an ap kontinye sèvi kòm resous ak èd pèsonèl pou sante w, ki sipèviz plan jeneral swen ou epi asire tout moun k ap patisipe ladan enfòmè e kolabore ansanm pou w rive nan pi bon sante ki posib.

Wòl Espesyalis la

Nan sèten sikonstans, lè sentòm yo mande sa, PCP ou an ka deside ou dwe al wè yon espesyalis. Oswa, si pwòp enkyetid pa w lakòz ou mande tèt ou èske pwochen etap la se yon espesyalis, ou kapab souleve kesyon sa a ak PCP ou an. Kèlkilanswa, doktè ou an pral pale sou sitiyasyon an avèk ou, l ap dirije w ba bon espesyalis la epi ede w pou pwosesis referans lan.

Espesyalis Orlando Health ou yo se doktè ki fin fè etid siperyè ak fòmasyon klinik nan yon domèn lamedsin byen presi. Pa egzansp, ou ta va wè yon kansewològ pou tretman kansè, oswa yon kadyològ pou zafè ki gen pou wè ak kè. Nou gen yon pakèt kalite espesyalis, epi yo tout disponib pou ede PCP ou an pou reponn a bezwen swen sante w yo.

Yon espesyalis pral kontinye administre swen w toutotan li nesèsè, toudepan kisa pwoblèm oswa maladi ou an ye ak jan tretman an ap mache. Men ou dwe konnen, òdinèman yon espesyalis refere yon pasyan tounen bay PCP li pou nenpòt nouvo pwoblèm ki ta ka vin genyen ki pa gen rapò ak domèn espesyalis la konsantre sou li a.

Espesyalite yo

- Chiriji Estetik ak Rekonstriksyon
- Sante Konpòtmantal
- Kansè
- Chiriji Kolorektal
- Sante Dijestif
- Endokrinoloji
- Konsèy Jenetik
- Kè ak Vaskilè
- Imajri
- Sante Gason
- Neyonatoloji
- Newosyans
- Obstetrik ak Jinekoloji
- Òtopedi ak Medsin Espò
- Pedyatri
- Swen Jeneral
- Chiriji
- Twomatoloji ak Sal Dijans
- Swen Ijan
- Iwoloji
- Pèt Pwa ak Operasyon Baryatrik
- Sante Fanm





Ekip Jesyon Swen Rezo Orlando Health la

Orlando Health Network gen yon ekip enfimyè otorize ki devzwe, asistan medikal, ak manadjè swen travay sosyal ki disponib pou soutni ou menm ak fanmi w pandan tout pakou swen sante w la.

Si w gen yon sejou lopital oswa si ou vizite sal ijans lan, ekip ou an pral rele w nan lespas de jou ouvrab, apre ou fin rive lakay ou, pou ba w sipò pandan w ap retabli. Ekip jesyon swen an pral travay avèk ou, manm fanmi w, swanyan yo, ak doktè yo pou ede yo nan plizyè fason, tankou pran randevou pou swivi, bay edikasyon sou kondisyon sante w oswa medikaman w yo, epi reponn nenpòt kesyon ou genyen apre ou fin kite lopital la. Manadjè swen yo ka ede tou ak nenpòt nouvo sentòm ki te kòmanse depi ou te kite lopital la, epi yo pral asire ke ou gen tout sa ou bezwen pou ou kapab byen refè.

Men lòt sèvis jesyon swen ki disponib pou sipòte ou menm ak pwòch ou yo:

- **Sipò pou Sante ak Terapi Lakay:** Ekip jesyon swen an ka ede w planifye nenpòt randevou pou sante lakay, terapi fizik, terapi okipasyonèl, oswa randevou pou terapi lapawòl.
- **Sipò pou Ekipman Medikal:** Manadjè swen yo ka ede w ak nenpòt ekipman medikal bezwen apre ou fin kite lopital la, tankou pou jwenn nenpòt ekipman (sètadi, chèz woulant, deyanbilatè, chèz douch, elatriye) ke doktè ou an te mande yo.
- **Sipò pou Kondisyon Kwonik:** Ekip jesyon swen an ka ede w ak pwoblèm sante kwonik ou yo pandan y ap konekte w ak resous kominotè yo, pandan y ap bay edikasyon sou fason pou jere pwoblèm sante w yo, reponn kesyon epi bay enfòmasyon sou medikaman w yo, epi ede w pran randevou pou nenpòt swen jeneral oswa espesyalis.
- **Asistans Travay Sosyal:** Si w bezwen asistans ak transpò, resous manje, resous kominotè, oswa enfòmasyon sou ki kote pou w ale pou swen apre w fin kite lopital la, travayè sosyal nou yo disponib pou ede w.
- **Asistans pou Sèvis Prevantif:** Ekip jesyon swen an ka ede sijere ak pwograme sèvis swen sante prevantif ou ta ka bezwen, tankou tès depistaj ak vaksen.



Sèvis Dijans

Bon swen medikal rapid sove lavi moun. Pèsonn moun pa vle prevwa pou vin gen yon ijans, men nou vle ou prepare pou konnen kisa pou w fè ak kikote pou w chèche swen si sa rive.

Li rekonfòtan tou pou w konnen se Orlando Health ki ebèje sèl Sant Twomatoloji Nivo I nan Sant Florid, ki se pi gwo nivo swen dijans ki disponib. Sant Twomatoloji Nivo En nou an, ki chita nan Orlando Health Orlando Regional Medical Center ak Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children, founi swen pou maladi ak blesi dènye degre epi li gen sipò sèl sèvis transpò ayeryen desekou ki baze nan lopital ki egziste nan Sant Florid.

Kilè pou w ale nan Sèvis Dijans

Nan Orlando Health, nou gen yon kantite sèvis dijans nan tout Santral Florida, ki la pou jere maladi grav, pwoblèm ak domaj grav yo. Nou la pou ou lè ou bezwen nou. Ou dwe chèche swen touswit nan sèvis dijans ki pi pre a si oumenm oswa yon moun pwòch ou gen nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Doulè nan pwatrin, difikilte pou respire oswa feblès toudenkou oubyen doulè nan janm oswa nan bra
- Palpitasyon kè grav
- Pèdi ekilib toudenkou, chanjman nan vizyon, difikilte pou pale oswa endispozisyon
- Maltèt grav toudenkou
- Blesi nan tèt oswa nan je
- Gwo blesi oswa senyen san rete
- Vomisman toutan
- Zo kase oswa jwenti debwate
- Boule grav
- Anpwazonman oswa ovèdòz
- Kriz san yon dyagnostik epilepsi anvan sa
- Doulè grav, espesyalman nan vant oswa ki kòmanse mwaye chemen desann nan do
- Reyaksyon alèjik ak manje, mòde bèt oswa ensèk
- Tibebe ki fenk fèt (laj mwens pase 3 mwa) ki gen yon lafyèv nan 100.4°F oubyen pi wo
- Ou tonbe, si w ap pran medikaman antikowagilan

Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman andeyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.

Souvan li difisil pou jwenn kilè pou w rele 911 olye pou w ale nan sèvis dijans.

Kilè pou Rele 911

- Lavi yon moun menase.
- Yon moun endispoze oswa li sot tonbe toudenkou.
- Moun nan gen doulè pèsistan nan pwatrin oswa difikilte pou respire.
- Gen yon blesi grav ki kapab menase lavi oswa menase yon manm kò.
- Ou kwè si yo deplase moun ki viktim nan sa kapab lakòz plis blesi.
- Ou kwè pwoblèm nan kapab vin pi mal byen vit sou wout pou ale lopital.
- Ou santi trafik oswa distans lan ta lakòz twòp reta pou mennen moun nan lopital.
- Moun nan bezwen swen oswa aparèy touswit ke yon teknisyen medikal ijans (EMT) kapab bay.



Orlando Health Emergency Room – Reunion Village

Anplasan Sal Dijans Orlando Health yo

- 1 Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children**
92 W. Miller St. | Orlando, FL 32806
- 2 Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital**
9400 Turkey Lake Rd. | Orlando, FL 32819
- 3 Orlando Health – Health Central Hospital**
10000 W. Colonial Dr. | Ocoee, FL 34761
- 4 Orlando Health Horizon West Hospital**
17000 Porter Rd. | Winter Garden, FL 34787
- 5 Orlando Health Lake Mary Hospital**
380 Rinehart Rd. | Lake Mary, FL 32746
- 6 Orlando Health Orlando Regional Medical Center**
29 W. Sturtevant St. | Orlando, FL 32806
- 7 Orlando Health South Lake Hospital**
1900 Don Wickham Dr. | Clermont, FL 34711
- 8 Orlando Health St. Cloud Hospital**
2906 17th St. | St. Cloud, FL 34769
- 9 Orlando Health Emergency Room – Longwood**
575 W. State Road 434 | Longwood, FL 32750
Yon sèvis Orlando Health Lake Mary Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 10 Orlando Health Emergency Room – Osceola**
1001 E. Osceola Pkwy. | Kissimmee, FL 34744
Yon sèvis Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 11 Orlando Health Emergency Room – Randal Park**
10155 Dowden Rd. | Orlando, FL 32832
Yon sèvis Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 12 Orlando Health Emergency Room – Reunion Village**
8011 Osceola Polk Line Rd. | Davenport, FL 33896
(kwen nòdès I-4 ak Osceola Polk Line Rd.)
Yon sèvis Orlando Health Horizon West Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 13 Orlando Health Emergency Room – Waterford Lakes**
11898 Lake Underhill Rd. | Orlando, FL 32825
Yon sèvis Orlando Health Orlando Regional Medical Center. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 14 Orlando Health South Lake Hospital Emergency Room – Blue Cedar**
22316 U.S. Hwy. 27 | Leesburg, FL 34748
Yon sèvis Orlando Health South Lake Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.
- 15 Orlando Health South Lake Hospital Joe H. & Loretta Scott Emergency Room – Four Corners**
16966 Cagan Ridge Blvd. | Clermont, FL 34714
Yon sèvis Orlando Health South Lake Hospital. Sa pa yon sant swen ijans. Yo faktire sèvis ak swen li yo nan tarif depatman dijans lan.



Sèvis Swen Ijan

Nan CareSpot Urgent Care Orlando Health, ou menm ak fanmi w genyen aksè nan tretman menm jou a — ki gen ladan nan sware ak wikenn — nan lye ki tou pre w yo. Yo toujou prè pou jere bezwen swen ijan w yo, lye sa yo ofri tou lè randebou ak opsyon planifikasyon sou entènèt.

Antanke yon manm nan plan Orlando Health Cast Advantage la, ou gen aksè tou nan plizyè lokal PM Pediatric Urgent Care nan zòn nan. Yo ofri swen apre lè fonksyonman yo ak swen tan lannwit oswa vizit randevou yo, PM Pediatric Urgent Care bay swen pedyatrik imedyata, swen pedyatrik avanse pou timoun ak jèn adilt yo, ki gen ladan sèvis laboratwa ak radyoloji sou sit la.

Ki lè pou w ale nan Swen Ijan

Sant swen dijans yo se yon opsyon ki bon anpil pou pwoblèm ki bezwen swen atan, men ki pa mete lavi an danje, ki konble twou vid ki genyen ant PCP ou ak sal dijans. Sa ka gen ladan swen pou grip, enfeksyon, migrèn, fouli, swen pou fann, mètrisi, boule ak ti maladi. Chak sant gen ladan tou yon sal entèvansyon pou bezwen ki plis konplike tankou koud ak mete atèl. Pèsonèl la ap ede kowòdone chwa referans yo lè swen espesyalite oswa swen swivi nesèsè.

Swen ijan apwopriye tou lè yo dwe pran swen pwoblèm oswa blesi ou an andeyò lè biwo nòmal PCP ou an. Men sonje, sant sa yo pa ranplase vizit ki prevwa kay doktè, ni ou pa dwe itilize yo pou swen jeneral. Menm si w ale nan yon sant swen ijan, se yon bon lide pou w planifye yon vizit swivi kay PCP ou pou w jwenn swen ki pi konplè ki posib.




Lokal Night Lite Pediatric Urgent Care yo


- | | |
|-------------|-------------------|
| 1 Apopka | 5 St. Cloud |
| 2 Kissimmee | 6 Waterford Lakes |
| 3 Lake Mary | 7 Winter Garden |
| 4 Oak Ridge | |

CareSpot[®] | **ORLANDO**
URGENT CARE | HEALTH[®]

Lokal yo

- 1 Altamonte Springs
- 2 Apopka
- 3 Avalon Park
- 4 Clermont
- 5 East Sand Lake
- 6 Kissimmee (North side)
- 7 Kissimmee (Southeast side)
- 8 Lake Mary
- 9 Lee Vista
- 10 MetroWest
- 11 Ocoee
- 12 Oviedo
- 13 South Orange (Downtown Orlando)
- 14 Winter Springs

-  Sal Dijans
-  Swen Ijan Pedyatrik
-  Swen Ijan



Sèvis Laboratwa pou Pasyan Ekstèn

Laboratwa pou pasyan ekstèn nan Orlando Health yo ofri yon pakèt kalite tès dyagnostik ki fèt pa dè flebotomis ki gen eksperyans, ki sètifye nan laboratwa pratik ki sitye nan tout Sant Florid. Chak kote bay rezilta menm jou a oswa nan landmen pou pifò tès woutin yo, ansanm ak tan ki kout pou rete tann san w pa bezwen randevou.



Lokal Laboratwa Etablisman Pasyan Ekstèn

- Orlando Health Ambulatory Care Center
- Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children
- Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital
- Orlando Health – Health Central Hospital
- Orlando Health Heart and Vascular Institute
- Orlando Health Horizon West Hospital
- Orlando Health Lake Mary Hospital
- Orlando Health Orlando Regional Medical Center
- Orlando Health South Lake Hospital
- Orlando Health South Lake Hospital Medical Pavilion – Blue Cedar
- Orlando Health South Lake Hospital Joe H. and Loretta Scott Medical Pavilion – Four Corners
- Orlando Health St. Cloud Hospital
- Orlando Health Medical Pavilion – St. Cloud

Orlando Health LabWorks

Orlando Health LabWorks ofri yon pakèt sèvis laboratwa dyagnostik avèk yon ekip pwofesyonèl ki gen anpil fòmasyon ki devwe pou bay bon jan kalite tès, sèvis kliyan ekselan epi ki bay rezilta rapid, ki gen ladan rezilta menm jou a pou pifò tès woutin yo. Pasyan yo gen aksè alè nan rezilta yo atravè Orlando Health MyChart®. Avèk lokal laboratwa ki pratik nan tout Central Florida, Orlando Health LabWorks bay randevou ki pwograme ak randevou san planifikasyon pou pasyan adilt ak pasyan pedyatrik, san okenn frè etablisman.

- Downtown Orlando
- Dr. Phillips
- East Orlando
- Horizon West
- Kissimmee
- Lake Mary
- Lake Nona
- Ocoee
- Oviedo
- Summerport
- Winter Park



Sant Imajri pou pasyan ekstèn yo

Ansanm ak lokal imajri pou pasyan ekstèn nen lopital, Orlando Health ofri sèvis imajri ki pratik pou pasyan ekstèn. Sèvis yo gen ladan IRM, CT, PET, Radyografi, mamografi 2D ak 3D dijital ak plis toujou. Sant imajri yo sitye kounye a nan zòn ki swiv yo:


- Altamonte Springs
- Clermont
- Downtown Orlando
- Dr. Phillips
- East Orlando
- Kissimmee
- Lake Mary
- Ocoee
- Oviedo
- Summerport
- Winter Park

Jere Swen Ou Nenpòt Lè. Nenpòt kote.

Orlando Health MyChart®, Administre pa Epic, pèmèt ou jere swen sante w — kenbe tout enfòmasyon sante w yo an prive epi an sekirite, epi tout nan yon sèl kote. Antanke yon manm nan plan Orlando Health Cast Advantage la, ou ka jwenn aksè nan Orlando Health MyChart® gratis — jis ale sou Entènèt oswa telechaje aplikasyon an pou ka enskri epi kreye kont sekirize ou an. Orlando Health MyChart® pèmèt ou ale avèk enfòmasyon sou sante w yo avèk ou, kèlkeswa kote ou ale a.

Ou ka jwenn aksè epi jere enfòmasyon sou sante w yo san danje epi fasil, tout sa yo nan yon sèl kote ki an sekirite sou entènèt, tankou:

- Planifye epi swiv randevou ou yo
- Ranpli fòmilè pre-vizit yo nan fason ou vle a
- Mesaje doktè w yo
- Jwenn yon dyagnostik ak plan tretman sou entènèt
- Mande renouvelman preskripsyon
- Tcheke rezilta tès yo
- Gade epi peye fakti w la
- Jwenn yon doktè
- Jwenn yon sal swen ijan oswa yon sal dijans tou pre
- Pataje dosye medikal ou yo san danje epi an sekirite
- Swiv enfòmasyon sante manm fanmi ou yo apati yon sèl kont
- E genyen plis toujou!



Eskane kòd QR a pou aprann plis sou Orlando Health MyChart®, oswa ale sou **OrlandoHealth.com/Disney**

Pou telechaje l, chèche aplikasyon MyChart® la sou iOS oswa Android epi enstale li sou tablèt ou oswa aparèy mobil ou.



Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa ki diferan konsènan Orlando Health Cast Advantage 2026 an pou plan medikal Disney?

Disney vle pou anplwaye yo gen pi bon chwa, mwens traka, epi jwenn aksè nan swen sante kalite siperyè. Plan Orlando Health Cast Advantage la ofri Manm Ekip yo aksè nan swen rekoni onivo nasyonal, nouvo anplasan ki toupre w, ak resous pou swen sante total, ansanm ak planifikasyon sou entènèt, Swen Vityèl Pwolonje, MyChart ak yon liy Disney ki la espesyalman pou sèvis konsyèj.

Kisa rezo founisè plan Orlando Health Cast Advantage la siyifi pou mwenmenm ak fanmi m an 2026?

Avèk plan Orlando Health Cast Advantage 2026 an, PCP yo travay ann ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo anndan rezo founisè patisipan an. Avèk le tan, yo atann ke pi bon kowòdinasyon ant PCP yo ak lòt doktè yo nan rezo founisè a pral:

- Ede patisipan yo jere depans swen sante yo pi byen
- Amelyore eksperyans pasyan viv
- Ede patisipan yo rete an sante oswa vin an sante

Objektif la se ede patisipan yo jwenn swen yo bezwen, nan fason ki efikas epi ki byen òganize.

Ou pral travay kole sere ak PCP ou an pou jwenn swen anndan rezo founisè ou an, ki pral:

Plis adapte pou ou pèsònèlman.

PCP ou an pral travay kòm yon pati nan yon ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo anndan rezo pwofesyonèl ou an. Yo pral pataje enfòmasyon epi fè rekòmandasyon ansanm pou founi w pi bon swen ki posib.

Rezilta avèk mwens traka.

Swen ki kowòdone pi byen vle di pi bon kominikasyon ant founisè ou yo, mwens pwoblèm administratif ak mwens dokiman pou ou ranpli.

Pran mwens tan.

Kounye a, doktè w ka refere w ba yon espesyalis san transmèt rezilta tès ou oswa radyografi w. Mache anpil sa ta ka tonbe sou responsablite w — epi san li, randevou w ak espesyalis la ta ka pa bay kantite rezilta ou ta vle a. Alèkile, founisè swen ou yo ka kowòdone etap sa yo pou ou, konsa ou kapab jwenn anpil pwofi nan chak randevou.

Plan Orlando Health Cast Advantage la pa kouvri swen avèk okenn founisè andeyò rezo amwenske se yon ijans. Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman deyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.

Èske mwen ka wè doktè deyò rezo plan Orlando Health Cast Advantage mwen an?

Non. W ap oblije sèvi ak plan Orlando Health Cast Advantage ou te chwazi pou 2026 an sèlman pou swen andedan rezo a: PCP ou an pral kowòdone referans bay espesyalis oswa lòt founisè swen yo. Si PCP ou refere w ba yon founisè andeyò rezo prefere ou an, reklamasyon an p ap kouvri. Menmsi PCP ou dwe konnen nan ki rezo plan oumenm ak depandan w ki kouvri yo enskri, ou gen responsablite asire ou resevwa swen andedan rezo a.

Èske mwen bezwen yon rekòmandasyon nan men PCP mwen pou m al wè yon lòt doktè?

Referans yo reprezante yon pati endispansab nan modèl swen rezo plan Orlando Health Cast Advantage la. PCP w la pral refere w bay — epi travay an ekip ak — espesyalis, lopital ak lòt etablisman anndan rezo plan an pou bay bonjan kalite swen trè kowòdone, ki amelyore eksperyans ou antanke yon pasyan.

Èske mwen bezwen yon referans pou m al wè yon espesyalis?

Li rekòmande pou w kolabore depre ak PCP ou, ki kapab dirije swen ou pi byen, ansanm ak bay referans tou pou espesyalis ak lòt sèvis.

Si m bezwen swen pandan m ap vwayaje andeyò zòn nan, èske tretman mwen ap kouvri?

Plan Orlando Health Cast Advantage la pa kouvri swen ou resevwa andeyò rezo Orlando Health la, sof nan sityasyon dijans.

E si mwen resevwa swen medikal dijans nan yon etablisman ki pa nan rezo founisè mwen an?

Sèvis ijans yo kouvri kèlkanswa etablisman an. Si ou bezwen tretman touswit pou yon pwoblèm grav oswa ki mete lavi an danje, toujou ale nan etablisman dijans ki pi pre ou an oswa rele **911**.

Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman andeyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.



Èske Orlando Health ofri sèvis telemedsin?

Wi. Manm Pèsonèl Disney yo ka pran yon randevou vityèl ak pwofesyonèl Orlando Health yo lè yo rele Liy Sèvis Konsyèj Kòwòdone pou Manm Pèsonèl Disney a nan **(844) 939-6437**. Pou ti pwoblèm medikal yo, ou ka mande tou yon vizit Swen Vityèl Pwolonje sou demann atravè MyChart, ki disponib 24 jou sou sèt 365 jou. Pa gen okenn kopeman pou vizit Swen Vityèl Pwolonje yo pou manm plan Disney yo.

E si mwen gen yon chanjman nan eta sante mwen?

Si w bezwen fè rapò pou yon chanjman nan eta sante w oswa ou gen kesyon konsènan eta sante w, tanpri kontakte doktè swen jeneral ou an oswa biwo espesyalite a dirèkteman.

Biwo doktè ou an pral dirije w ba yon manm pèsonèl klinik la pou pale sou enkyetid ou genyen yo. Yo ka ba w machaswiv pou ede w lakay ou, pou ede w deside si w dwe pran yon randevou nan biwo a, oswa si li ta pi bon pou w chèche èd nan yon etablisman swen ijan.

Èske mwen kapab chanje opsyon medikal mwen pandan ane 2026 an?

Non. Chwa opsyon medikal ou aplike pou tout ane a, sof si ou gen yon evènman lavi ki kalifye. Pa egzanp, si ou marye, si ou fè yon tibebe oswa si ou deplase kite zòn Kòd postal ki kalifye a, w ap kapab chanje chwa ou pandan ane 2026 an. Tanpri rele Sant Avantaj Disney a nan **(800) 354-3970** pou jwenn plis enfòmasyon sou evènman lavi ki kalifye yo.

Èske mwen kapab chanje PCP mwen an pandan ane 2026 an?

Wi; men, nouvo PCP ou an dwe afilye ak Rezo Orlando Health Cast Advantage la. Pou chanje PCP ou nenpòt ki lè, ou kapab rele **(800) 577-7498**.

Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou Cigna?

Aprann plis sou Cigna ak Orlando Health nan **Disney.Cigna.com** oswa nan **(800) 577-7498**.

Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou plan Orlando Health Cast Advantage la?

Ou ka aprann plis sou Orlando Health Cast Advantage nan **OrlandoHealth.com/Disney** oswa nan **(844) 939-6437**.

Ki sant swen ijan ki disponib nan rezo Orlando Health la?

CareSpot Urgent Care – Orlando Health ak PM Pediatric Urgent Care a, ki gen lokal toupatou nan tout Sant Florid fè pati rezo plan Orlando Health Cast Advantage la. Pou jwenn anplasan etablisman swen ijan yo nan rezo a, vizite **OrlandoHealth.com/Disney**.

Èske gen nenpòt chanjman nan kote ak fason mwen egzekite preskripsyon mwen yo?

Non. Benefis famasi w yo ap kontinye administre pa Express Scripts, epi w ap egzekite preskripsyon w menm jan ou fè li kounye a. Pou egzekite preskripsyon yo pandan w ap itilize famasi Orlando Health Scripts yo, rele **(800) 508-7383**.

Èske mwen kapab kontinye itilize Center for Living Well?

Tout founisè Center for Living Well yo fè pati rezo Orlando Health Cast Advantage la.

Èske mwen kapab kontinye itilize kat ID mwen te gen ane anvan yo?

Non. Cigna pral bay tout manm ekip la nouvo kat.



Èske mwen ka egzekite preskripsyon m yo nan famasi Orlando Health Scripts yo?

Wi. Ou ka egzekite preskripsyon yo nan lye sa yo:

Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children

92 W. Miller St. | Orlando, FL 32806
(321) 841-1648

Orlando Health Cancer Institute

1400 S. Orange Ave. | Orlando, FL 32806
(321) 841-1647

Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital

9400 Turkey Lake Rd. | Orlando, FL 32819
(321) 842-7230

Orlando Health – Health Central Hospital

10000 W. Colonial Dr., Suites 481 ak 482
Ocoee, FL 34761
(407) 296-1912

Orlando Health Heart and Vascular Institute

1222 S. Orange Ave. | Orlando, FL 32806
(321) 841-1649

Orlando Health Jewett Orthopedic Institute

60 Columbia St. | Orlando, FL 32806
(407) 635-5900

Orlando Health Lake Mary Hospital

380 Rinehart Rd. | Lake Mary, FL 32746
(321) 842-0640

Orlando Health Medical Pavilion – Spring Lake

7243 Della Dr., Floor 1, Suite F
Orlando, FL 32819
(321) 842-0010

Orlando Health South Lake Hospital

1920 Don Wickham Dr., Suite 135
Clermont, FL 34711
(407) 407-0130

Orlando Health Scripts Specialty Pharmacy

1111 Blackwood Ave. | Ocoee, FL 34761
(321) 842-1622
(800) 508-7383 Gratis

Prim Orlando Health ak Rekone



Orlando Health ORMC
Orlando Health Arnold Palmer
Orlando Health Winnie Palmer

Orlando Health Winnie Palmer
Orlando Health
Jewett Orthopedic Institute


Orlando Health Arnold Palmer



Orlando Health Arnold Palmer
Orlando Health Bayfront
Orlando Health - Health Central

Orlando Health ORMC
Orlando Health Dr. P. Phillips

Orlando Health Lake Mary



sans



Orlando Health South Lake

Orlando Health Bayfront
Orlando Health Horizon West
Orlando Health Melbourne
Orlando Health South Lake

Orlando Health ORMC
Orlando Health Dr. P. Phillips

Orlando Health –
Health Central


Orlando Health Lake Mary



BEST PLACES TO WORK™
Modern Healthcare 2025
Orlando Health St. Cloud
Orlando Health Jewett Orthopedic Institute
Orlando Health Advanced Rehabilitation Institute




Orlando Health At-A-Glance






48
Lopital
ak Sal Ijans
25 Lopital
12 Sal Ijans Otonòm


— + —
An Devlopman
4 Lopital
7 Sal Ijans Otonòm


5,750+
Doktè




105 
Espesyalite
Medikal 


325 
Kabinè
Swen Jeneral

115+ 
Sant
Pasyan Ekstèn


27 
Medikal
Paviyon


Inik Sant Twomatoloji
Nivo En
Central Florida


26 
Sant
Swen
Ijans


12 
Enstiti
Espesyalite
Sa gen ladan | Enstiti 2 Timoun


Sèl Sant Twomatis
— + pou Adilt nan + —
Konte Pinellas


41,000+  Plis 1,860+
Manm Ekip Doktè
Anplwaye


\$2B
Enpak
Total nan
Kominote
a (FY24) 

\$14B
Aktif
Sou
Jesyon 


5,450+ 
Sistèm Kabann

200,000+
Vizit Pasyan
Entèn 

994,000+
Vizit Sal
Ijans 



8M+ 
Vizit
Pasyan Ekstèn

Enfografi ak kat ki nan paj sa yo reprezante tout Orlando Health, Inc., ki gen ladan rejyon East ak West Coast, Alabama ak Pòtoriko. Pwogram Orlando Health Disney Cast Advantage ak sèvis yo disponib nan Central Florida.



- H** Lopital Orlando Health yo
- ER** SAL DIJANS ak SAL DIJANS Pedyatrik
- OC** Sant pou Pasyan Ekstèn
- MP** Paviyon Medikal yo
- IN** Enstiti yo
- +** Atención mèdica de urgencia
- +** Swen Ijans Pedyatrik PM
- +** Klinik San Randevou
- +** Klinik Swen Jeneral yo
- +** Klinik Swen Espesyalize
- +** Doktè Kominotè yo

- H** Orlando Health Hospitals An Devlopman
- ER** Sal Ijans Otonòm An Devlopman
- *** Lokal Lopital oswa ER Endepandan yo poko anonse
- MP** Paviyon Medikal An Devlopman





konekte ak sante

- [f](#)
- [X](#)
- [▶](#)
- [in](#)
- [p](#)
- [@](#)
- [♪](#)

ORLANDO
HEALTH[®]

Cast AdvantageSM
For the Disney Medical Plan

OrlandoHealth.com/Disney